



Pou Piblikasyon Imedya: 09/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AK PWOKIRÈ JENERAL JAMES MANDE REPONS GWO  
CHÈN FAMASI YO SOU AKSÈ A AVÒTMAN ATRAVÈ MEDIKAMAN**

*Aprè yon gwo chèn famasi te refize ofri mifepristòn FDA apwouve nan sèten eta, Gouvènè ak Pwokirè Jeneral la rekòmande kòporasyon yo pou yo ofri medikaman sa a nan New York*

*Gouvènè Hochul ak Pwokirè Jeneral James te goumen pou fè New York tounen yon refij sekirite pou tout moun k ap chèche swen pou avòtman, atravè lejislasyon ak litij*

*Lèt la disponib [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul ak Pwokirè Jeneral Letitia James voye jodi a yon lèt bay Direktè Egzekitif Jeneral Walgreens yo (pwopriyete Duane Reade), Rite Aid ak CVS pou mande kòporasyon sa yo — ki reprezante pifò famasi nan Eta New York — pou yo bay repons sou plan yo pou mete medikaman avòtman mifepristòn disponib. Dènyèman, yon chèn famasi te anonse yo p ap distribye mifepristòn ankò, yon medikaman FDA apwouve ki itilize pou swen avòtman ak pou trete foskouch, nan sèten eta apre yo fin resevwa presyon nan men politisyen kont avòtman yo.

Aprè desizyon Tribinal Siprèm ki te pran lari pou anile Roe ane pase, Eta New York te pran dispozisyon pwo-aktif pou pwoteje aksè a swen nan klinik, sa gen ladan fè yon envestisman nasyonal 35 milyon dola a pou sipòte founisè avòtman atravè eta a, epi siyen yon pake lejislatif konplè pou pwoteje founisè avòtman ak pasyan yo.

Tout tèks lèt la anba a:

9 mas 2023

Madam Rosalind Brewer  
Direktè Egzekitif Jeneral, Walgreens Boots Alliance, Inc.  
108 Wilmot Road  
Deerfield, IL 60015

Madam Lisa Davis

Direktè Egzekitif Jeneral pa Enterim, Rite Aid  
1200 Intrepid Avenue, 2nd Floor  
Philadelphia, PA 19112

Madam Karen S. Lynch  
Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, CVS Health  
One CVS Drive  
Woonsocket, Rhode Island 02895

Chè Madam Brewer, Madam Burr ak Madam Lynch:

Dènye evènman nasyonal yo te mete aksan sou wòl enpòtan famasi yo jwe nan bay aksè a swen sante esansyèl, tankou swen sante repwodiktif. Se poutèt sa nou ekri nou jodi a pou nou mande nou angaje pou mete avòtman atravè medikaman disponib nan famasi nou yo ki vann an detay ak pa lapòs atravè Eta New York.

Lè Tribinal Siprèm Etazini te pibliye desizyon *Dobbs* ane pase a, li te retire pwoteksyon konstitisyonèl pou swen avòtman plizyè milyon fanm nan peyi sa a. Touswit apre sa, ekstremis kont avòtman, nan Lejislati Eta a ak nan Kongrè Ameriken an te vin limite radikalman oswa entèdi avòtman nèt. Konsekans yo ka mòtèl: yon etid 2022 Inivèsite Colorado te estime ke yon entèdiksyon nasyonal pou avòtman ka ogmante pousantaj mòtalite matènèl jiska 24%. Aksè nan swen avòtman te deja diminye anpil nan mwa yo ke yo te anonse desizyon an, epi li te vin totalman pa disponib nan anpil kote nan peyi a.

Se egzakteman poutèt sa nou te priyore pwoteksyon dwa repwodiktif nan New York apre desizyon *Dobbs* la. New York te kreye Fon Sipò Founisè Avòtman, prensipal nan peyi a, epi te adopte nouvo lwa ki pwoteje dwa founisè swen sante yo ak pasyan yo. Epi Pwokirè Jeneral la te fòme Gwoup Travay Volontè pou Sante Repwodiktif pou bay founisè ak moun k ap chèche avòtman nan New York resous legal ak konsèy gratis. Avòtman kontinye rete legal nan Eta New York, epi nou gen pwoteksyon an plas pou Nouyòkè yo ak nenpòt moun ki vin isit la pou chèche swen pou avòtman. Nan yon moman kote dwa repwodiktif yo anba atak yon lòt kote, nou pa ka kite yo detwi l isit la nan New York.

Pou rezon sa yo, nou te akeyi anons FDA a an desanm 2022, ke li t ap leve pou toutan egzijans ki pa nesesè nan nivo medikal sou distribisyon an pèsòn mifepistòn, yon medikaman FDA apwouve yo itilize pou swen avòtman ak pou trete foskouch. Premye anons yo ki di ke gwo chèn famasi nasyonal, ki gen ladan pa nou an, t ap chèche sètifikasyon FDA pou distribiye medikaman an se yon bagay ki te ankouraje nou tou. Ogmante disponiblite avòtman atravè medikaman—ki kounye a reprezante plis pase mwatye nan tout avòtman ki fèt nan tout peyi a—se esansyèl nan objektif pou elaji aksè avòtman pou satisfè demann ki ogmante apre *Dobbs* la.

Malerezman, sou baz yon kanpay presyon nasyonal fòs anti-chwa, 20 Pwokirè Jeneral te mande famasi yo pou yo pa distribiye medikaman esansyèl sa a nan eta yo, ki baze

sou yon entèpretasyon restriktif lwa a ak defòmasyon reyalite yo. Nou ankouraje nou pou nou pa kite taktik sa yo entimide nou, epi pou nou pran angajman pou mete medikaman enpòtan sa a disponib tout kote sa posib, ki baze sou yon entèpretasyon jis ak san patipri lwa leta ak federal yo.

Menmsi aksè a medikaman sa a anba menas lòt kote pou rezon politik, n ap raple nou ke lwa New York la senp. Avòtman legal epi li pwoteje kòm yon dwa fondamantal dapre lwa eta a, epi pa gen okenn obstak legal pou distribiye mifepristòn nan famasi New York yo. Nouyòkè yo bezwen an ijans pou founisè swen sante yo defann byen klè aksè nan swen sante repwodiktif. Antanke Direktè Egzekitif Jeneral kòporasyon yo ki opere plizyè famasi nan New York, nou responsab pou nou pran desizyon ki ka gen gwo enpak sou disponiblite medikaman esansyèl sa a nan tout eta a. Pa konsekan, nou ekri nou pou poze nou kesyon sa yo:

- Èske n ap angaje nou pou nou founi mifepristòn bay pasyan yo ki gen preskripsyon doktè nan tout famasi FDA sètifye yo nan Eta New York? Si non, ki baz legal desizyon sa a?
- Èske n ap angaje nou pou nou founi mifepristòn atravè lapòs avèk preskripsyon doktè pou pasyan yo nan Eta New York? Si non, ki baz legal desizyon sa a?

Nouyòkè yo bezwen an ijans klarifikasyon sou kesyon sa yo, piske dwa repwodiktif yo limite ak sabote nan peyi a.

Reponn alekri nan 10 jou ouvrap bay [osq@exec.ny.gov](mailto:osq@exec.ny.gov).

Sensèman,

Gouvènè Kathy Hochul

Pwokirè Jeneral Letitia James

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418